

Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENTÈVANSYON DWI LAPOLIS ETA A PANDAN
VAKANS 4 JIYÈ YO**

***Manm Patwouy yo Pral Mete Pwen Baraj pou Verifye Si Tèt Moun yo Klè epi Sible
Moun Ki Ap Kondwi yon Fason Ensousyan epi Ki Distrè yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Lapolis Eta New York ak ajans fòs lapolis lokal yo pral ogmante patwouy yo pou fè entèvansyon dèyè moun ki ap kondwi anba enfliyans alkòl oswa dwòg yo ak lòt enfraksyon sikilasyon yo pandan vakans 4 Jiyè yo, kòmanse nan Samdi 29 Jen epi kontinye jiska Vandredi 5 Jiyè. Manm Patwouy yo mete pwen baraj pou verifye si tèt moun yo klè, epi sible moun ki ap kondwi yon fason ensousyan epi agresif yo atravè eta a nan kad yon efò pou kenbe otowout New York yo an sekirite pandan youn nan vakans estival ki pi chaje pou vwayaj yo.

"Pandan ke nou ap apwoche youn nan wikenn ki pi chaje yo pou vwayaj estival yo, Lapolis Eta a ak fòs lapolis lokal yo pral ap fè entèvansyon dèyè moun ki ap kondwi anba nenpòt tip enfliyans yo pou asire ke wout nou yo sekirize pandan vakans yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen egzòte otomobilis ki ap vwayaje nan jou ki ap vini yo pou yo kondwi ak prekosyon, mete sentiwon sekirite yo, epi pa janm bwè alkòl epi kondwi an menm tan."

Sipè-entandan Lapolis Eta New York la Keith M. Corlett te deklare, "Manm Patwouy yo pral deyò an fòs wikenn vakans sa a epi yo pral ap chèche otomobilis ki anba enfliyans alkòl, ki distrè epi ki ensousyan yo ki mete lòt moun yo an danje. Mesaj nou an senp. Pa bwè alkòl epi Kondwi an menm tan! Ede evite trajedi san sans ki koze pa moun ki ap kondwi anba enfliyans alkòl yo. Rete an sekirite, epi pa pran yon desizyon fatal ki ap koute lavi ou oswa lavi yon lòt moun."

Ane pase, Lapolis Eta a te bay prèske 10,500 tikè pou veyikil ak sikilasyon pandan wikenn 4 Jiyè a. Manm Patwouy yo te arete 216 moun pou DWI epi yo te mennen ankèt sou 165 aksidan, ki te lakòz kat moun mouri ak 244 moun blese.

Pandan peryòd ranfòsman sa a, chofè yo ka atann yo a yon seri baraj woutye ak pwen sekirite ak patwouy DWI. Fòs Lapolis yo pral ap chèche tou otomobilis ki ap itilize telefòn yo ansanm ak lòt aparèy elektwonik yo pandan ke yo ap kondwi. Chofè yo ta dwe sonje tou pou "mete yo sou kote" pou veyikil ijans ak risk ki kanpe yo sou bò wout la lè yo ap vwayaje sou otowout New York yo.

Manm Patwouy yo pral itilize alafwa veyikil Lapolis Eta ki gen make yo ak veyikil Ranfòsman Sikilasyon ak Idantite Kache yo (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon an. Veyikil CITE yo pèmèt twoup yo idantifye pi fasilman otomobilis k ap itilize aparèy yo kenbe nan men yo pandan y ap kondwi yo. Machin sa

yo melanje avèk machin ki nan lari a chak jou men yo san ekivòk tankou machin ijans yon fwa limyè ijans lan aktive.

Komisè DMV a ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC), Mark J. F. Schroeder, te deklare, "Pandan ke otomobilis yo ap monte sou wout yo sezon ete sa a, espesyalman pandan fèt yo, mwen ankouraje tout moun kondwi yon fason responsab. Konpòtman ensousyan lè ou ap kondwi yo ap mete ou menm, pasaje ou yo, ak tout moun ki ap pataje wout la yo an danje. Mwen bat bravo pou ofisye fòs lapolis eta ak lokal yo poutèt yo ap asire ke otowout nou yo sekirize pandan peryòd vwayaj vakans chaje sa a".

Katriyèm inisyativ mwa Jiyè a finanse an pati pa [Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a](#). GTSC a ak Fondasyon STOP-DWI Eta New York la ap raple otomobilis yo [aplikasyon mobil "Have a Plan"](#) yo an disponib pou telefòn entèlijan Apple, Droid ak Windows. Aplikasyon an ap pèmèt moun New York yo lokalize epi rele yon sèvis taksi oswa sèvis pataj wout epi pwogram yon lis chofè ke yo chwazi. Li ap bay enfòmasyon tou sou lwa ak sanksyon DWI yo, epi bay yon fason pou moun rapòte yon chofè ke yo sispèk ap kondwi pandan yo anba enfliyans alkòl.

Si ou ap kondwi anba enfliyans alkòl oswa dwòg, ou ap non sèlman mete lavi ou ak lavi lòt moun an danje, men tou yo ka arete ou, mete ou nan prizon, epi peye amann konsiderab ak frè pou avoka yo. Arestasyon poutèt ou ap bwè alkòl epi kondwi an menm tan yo koute an mwayèn jiska 10,000 dola.

Chofè ke yo arete tou sou oswa dwoge yo ap fè fas a pèt lisans chofè yo, pi gwo tarif asirans yo, ak plizyè douzèn depans ke yo pa antisipe pou frè pou avoka yo, amann ak depans pou tribinal yo, remokaj ak reparasyon machin yo, ak pèt tan nan travay yo.

Lapolis Eta New York la, GTSC ak NHTSA rekòmande konsèy senp sa yo pou evite kondwi lè w sou:

- Planifye yon fason pou retounen lakay ou an sekirite anvan ou kòmanse pran plezi w;
- Avan w bwè chwazi yon chofè ki pap bwè pou kondwi;
- Si w nan yon kapasite afebli, itilize yon taksi, rele yon zanmi ki pa bwè oswa yon manm fanmi w, oswa pran transpò piblik;
- Itilize pwogram woulib nan men moun ki pa bwè alkòl ki genyen nan kominote w la;
- Si ou ta remake yon chofè ki sou oswa ki anba enfliyans alkòl sou wout la, pa ezite kontakte biwo lapolis lokal la;
- Si w konnen yon moun ki pral kondwi machin oswa moto pandan li nan yon kapasite afebli, pran kle yo epi ede yo fè lòt aranjman pou yo rive kote yo prale a an ansekirite.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)